



## Cooperative Extension

*Meredith Melendez, Senior Program Coordinator, RCE of Mercer County  
Wesley Kline, County Agent, RCE of Cumberland County*

Sekirite nan zafè manje se yon eleman esansyèl lè n ap founi bon kalite fwi ak legim ki fre. Kiltivatè yo ap fè fas ak plis règ gouvènman federal la mete ansanm ak yon pakèt lòt kondisyon achtè yo fikse ki fèt yon fason pou redui ensidans epidemi maladi orijin alimantè ki enplike fwi ak legim. Epidemi patojèn kolibasil (E. coli), salmonèl ak listerya monositojèn ki rive nan plizyè eta te ogmante konsyantizasyon sou posiblite pou maladi orijin alimantè kòmanse sou fèm nan. Ou ta dwe gen alespri risk potansyèl pou kontaminasyon kwaze lè w ap fè aktivite anvan epi aprè rekòlt. Yo rekòlte, triye epi/ oswa anbale anpil fwi ak legim alamen, se poutèt sa sante ak ijyèn travayè se yon pati enpòtan nan pwogram sekirite alimantè sou yon fèm. Fèm yo ka egzekite epi suiv bon jan metòd agrikòl (Good Agricultural Practices, GAPs) pou ede redui risk pou kontaminasyon pwodui.

Nenpòt moun ki travay sou yon fèm, san wete manm fanmi, se yon manipilatè manje epi li dwe resevwa fòmasyon sou sante ak ijyèn kòm travayè. Travayè ki montre yo gen sentòm maladi se pa yo menm sèlman ki sous potansyèl kontaminasyon yon pwodui ki vandab. Anpil maladi gaye atravè wout kontaminasyon fekal-men-oral. Moun ki enfekte yo ka gaye patojèn yo anvan sentòm yo parèt epi aprè sentòm yo fin kalme. Anplwaye ki resevwa edikasyon sou fason ki apwopriye pou yo lave men yo, sou politik sekirite pwodui agrikòl yo, ak risk pou mikwòb ka konsiderableman amelyore kalite ak sekirite pwodui final la.

## Fòmasyon pou travayè

Travayè yo dwe resevwa fòmasyon chak ane nan kòmansman sezon kwasans lan sou pratik ijyèn ak sante.

Fòmasyon sa a dwe fèt nan lang prefere travayè a pale epi li dwe gen ladan l fason ki apwopriye pou lave men (ki lè ak kèk teknik), pratik ijyèn pèsònèl, trajektwa potansyèl kontaminasyon pwodui a ki sot nan travayè yo, plan konfinman ranvèsman twalèt pòtab nan kadijans (lè yo sèvi ak jan de twalèt sa yo), ansanm ak nenpòt lòt politik sou sante ak ijyèn travayè a ki espesifik a fèm nan. Fèm nan ta dwe deziye yon moun ki responsab pou sekirite manje ak fòmasyon pou travayè l yo. Sesyon fòmasyon pou travayè yo dwe dokimante, pou endike tip fòmasyon yo te bay, kiyès ki te asiste, dat fòmasyon an epi mete inisyal chak patisipan nan fòmasyon an. Enfòmasyon sa a obligatwa pou verifikasyon tyès pati. Gen yon ekselan DVD Cornell University te pwodui ki dire 15 minit ki pale sou fòmasyon pou travayè ki disponib nan biwo Cumberland County and the Mercer County Rutgers Cooperative Extension yo pou yon frè minim.

Lè fòmasyon an fini, travayè yo ta dwe konprann:

- Ki kote twalèt yo ye
- Ki lè li apwopriye pou yo lave men yo

- Ki fason pou yo lave men yo kòrèkteman
- Ki fason pou sèvi ak gan ak abiman pou pwoteksyon defason apwopriye

## Siyalizasyon

Siyalizasyon pou lave men ak ijyèn pèsònèl dwe poste ann anglè ansanm ak nan lang ki apwopriye pou travayè w yo. Konsidere siyalizasyon ki gen foto pou ede travayè ki pa li twò byen. Ou ta dwe mete siyalizasyon yo nan etablisman twalèt yo, zòn kote pou yo lave men yo, ak nenpòt zòn kote travayè yo pran poz. Siyalizasyon sa a ta dwe vizib pou tout travayè yo ak vizitè sou fèm nan. Si gran piblik la konn vizite fèm ou an, li ka nesèsè pou mete siyalizasyon siplemantè sou kesyon lave men.

## Vizitè

Vizitè sou fèm ou an gen potansyèl pou kontamine pwodui w yo. Ou dwe poste yon fason ki trè vizib politik ou pou vizitè konsènan kontak ak pwodui yo, lave men, ak politik fèm ou an sou zafè sante ak ijyèn. Twalèt ak kote pou moun lave men yo dwe klèman make epi siyalizasyon sou fason pou moun lave men yo defason apwopriye ta dwe nan lang moun k ap vizite fèm ou an.

## Politik fèm nan

Fèm ki soumèt a verifikasyon yon tyès pati gen obligasyon pou yo gen politik konsènan gan, izaj filè pou cheve, ak bijou travayè yo ka mete sou yo pandan yo nan travay la. Gen kèk fèm ki oblije soumèt a verifikasyon yon tyès pati akòz kondisyon achtè a fikse. Menm fèm ki pa soumèt a verifikasyon ta dwe konsidere pou yo mete politik sa yo an plas.

## Politik sou gan

Lè yo pa sèvi ak gan nan yon fason ki sanitè gen otan risk sanitè ak lè men moun yo sal. Lè moun itilize gan, oswa nenpòt abiman pwoteksyon, fason ki apwopriye pou yo itilize yo ta dwe enkli nan fòmasyon travayè a. Yon echantyon politik sou gan ta ka genyen enfòmasyon sa a:

“Nou founi anplwaye yo avèk gan ki jetab, men anplwaye yo dwe byen lave men yo anvan yo mete gan yo epi aprè yo fin retire yo, oswa lè y ap chanje gan pou mete yon nouvo pè gan. Ou dwe jete gan yo lè yo chire, yo kontamine, oswa lè w retire yo pou nenpòt rezon. Li pa pèmi pou mete gan yo lè w pral nan twalèt epi ou pa dwe itilize yo yon dezyèm fwa.”

## Etablisman twalèt/ kote pou lave men w

Etablisman twalèt yo dwe lokalize nan yon distans 5 minit si w mache (oswa kondui si yon machin disponib) parapò ak nenpòt zòn kote moun travay. Yo dwe netwaye etablisman twalèt yo regilyèman epi yo dwe tyeke yo chak jou. Nan fòmasyon pou travayè a yo dwe endike ki kote etablisman twalèt yo ye epi ki fason pou itilize yo. Travayè ki pa natif natal peyi a ka pa erè mete papye ijyenik ki sal nan yon poubèl oswa atè a akòz sistèm ridimantè dlo ize nan peyi kote yo soti yo. Nan fòmasyon pou travayè a yo ta dwe byen fè yo konprann se nan twalèt la yo dwe mete papye ijyenik yo fin itilize a. Ou ta dwe itilize siyalizasyon nan lang ki apwopriye pou travayè w yo pou demontre fason ki apwopriye pou itilize twalèt yo.

Kote pou moun lave men yo ta dwe lokalize pa deyò twalèt la paske rechèch montre moun gen plis chans pou lave men yo lè yo nan yon pozisyon kote moun ka wè yo. Tout travayè ki sou fèm nan ta dwe lave men yo aprè yo fin itilize twalèt yo, aprè yo fin pran yon poz, aprè yo fin manje, aprè yo fin fimen, oswa nan nenpòt moman kote men yo te ka vin kontamine. Fason ki apwopriye pou lave men w gen ladan l mouye men w ak dlo potab, mete savon, fwote savon an byen fwote sou men w pandan omwen ven segonn, rense men w nan dlo pwòp, epi seche men w avèk sèvyèt papye ki jetab.

Siyalizasyon ta dwe afiche yon fason vizib ki endike ijyèn pèsònèl ki apwopriye ak fason pou lave men. Yo ta dwe tyeke estasyon pou lave men yo regilyèman pou asire gen ase dlo, savon ak sèvyèt papye jetab. Yo pa ta dwe kite dlo sal ki sot nan estasyon pou lave men an rive nan zòn rekòt la paske li ka sèvi kòm yon sous kontaminasyon.

Eksplwatasyon ki itilize twalèt pòtab ta dwe genyen yon plan konfinman nan kadijans ki anplas epi tout travayè yo ta dwe familye avèk plan sa a. Ankake ta gen yon devèsman nan yon twalèt pòtab, yon plan ki akseptab ta dwe pou imedyatman rele konpayi sèvis twalèt pòtab la epi konstwi yon baraj an tè ozanviwon zòn devèsman an pou evite pou matyè a pa kontinye gaye.

## Founiti pou premye swen

Founiti pou premye swen dwe fasilman disponib nan yon lokalite travayè yo ka fasilman gen aksè epi yo konnen ki kote founiti sa yo ye. Yo dwe tyeke twous yo regilyèman pou asire yo byen apwovizyone. Depi sa posib, twous pou premye swen yo ta dwe lokalize nan

zòn kote yo estasyon machin yo, toupre twalèt yo ak nan machin fèm yo. Bay travayè yo fòmasyon sou fason pou yo itilize yon gan jetab defason apwopriye lè yo gen yon pansman sou men yo. Yo dwe mete pansman sou blesi nan men, ikonpri maleng ki ouvri, blesi, zanpoud ak gwo bouton epi yo dwe mete gan jetab sou yo. Itilizasyon gan sou yon pansman dwe konfòm ak politik sou itilizasyon gan ki dekri anwo a.

## Pwòpte pèsònèl

Abiman ki vin tounen yon sous kontaminasyon sou fèm nan, patikilyèman lè moun ap travay avèk pestisid, konpòs oswa avèk bèt. Travayè ki ekspozè ak potansyèl kontaminan pa dwe gen kontak avèk pwodui y ap rekòlte, pwodui y ap anbale oswa zòn anbalaj la.

## Fimen ak manje

Deziye zòn pou fimen epi pou manje sou fèm nan. Zòn sa yo dwe separe ak zòn pwodui yo epi yo pa dwe nan chan an. Travayè ki paka retounen nan zòn ki deziye pou yo manje a ta dwe manje andeyò zòn rekòt la, swa nan yon ranje swa akote chan an. Mete fratra yo nan yon bwat fatra epi retire fatra sou chan an chak jou.

## Rapòte maladi

Rechèch te montre anplwaye yo pap rapòte maladi yo genyen si yo kwè yo pral voye yo tounen lakay yo san yo pa peye yo pou jounen an. Yon politik sou anplwaye ki maladi ki apwopriye dwe fè konnen yo pral bay anplwaye a yon lòt kalite travay pou l fè ki pap mete l an kontak ak manje. Itilizasyon yon politik pou anplwaye ki maladi se yon mwayen ki enpòtan pou redui risk kontaminasyon pwodui akòz travayè yo.

Genyen anpil resous ki disponib pou kreye plan sekirite alimantè pou fèm ou an ak preparasyon pou verifikasyon tyès pati. Materyèl sa yo disponib sou entènèt nan [njveg.rutgers.edu](http://njveg.rutgers.edu) ak nan biwo Rutgers Cooperative Extension yo ni nan konte Cumberland ni nan konte Mercer. Resous sa yo enkli yon DVD ki dire 15 minit pou fòmasyon sante ak ijyèn travayè, fòm pou dokimantasyon, ak dokiman ki bay direksyon sou plan pou sekirite alimantè sou yon fèm.

© 2017 Rutgers, Inivèsite Eta New Jersey. Tout dwa rezève.

**Pou yon lis piblikasyon nou yo ki pi detaye vizite [www.njaes.rutgers.edu](http://www.njaes.rutgers.edu)**

**Mas 2014**

*Ajans kolaboratif:* Rutgers, The State University of New Jersey, Depatman Agrikilti Etazini, ak Konsèy Pwopriyete Fonsye Konte a (County Boards of Chosen Freeholders). Rutgers Cooperative Extension, yon inite Rutgers New Jersey Agricultural Experiment Station, se yon founisè ak anplwayè pwogram opòtinite egal.